

SS.7.C.3.1*Konpare diferan fòm gouvènman**(Demokrasi dirèk, reprezantan demokrasi, sosyalis, kominis, monachi, oligachi, otokrasi).*

SS.7.C.3.1 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 1: Elèv yo ap idantifye diferan fòm gouvènman sou filozofi politik li oswa estrikti òganizasyonèl li.

Gen anpil diferan fòm gouvènman atravè mond lan. Gen kèk gouvènman ki plis reprezante pèp la, kòm, nan peyi Etazini. Gen lòt se yon ti kras moun ki dirije yo. Gen lòt ankò se yon sèl moun kap dirije l'. Gen kèk gouvènman ki dirije ni gouvènman an ak ni ekonomi an. Kèk lòt gouvènman pèmèt sitwayen yo gen plis libète ekonomik.

Fòm Gouvènman	Filozofi Politik
Demokrasi Dirèk	Demokrasi se yon fòm gouvènman ki vle di "ke se pèp la kap gouvène".
Reprezantan Demokrasi	Yo rekonèt yon represantan demokrasi tou kòm yon repiblik. Nan fòm gouvènman sa a, sitwayen yo eli reprezantatif kap gouvène yo. Nan yon repiblik, tout sitwayen granmoun gen dwa pou yo vote. Konstitisyon an limite pouvwa gouvènman an.
Sosyalis	Yon fòm gouvènman sosyalis pran yon wòl aktif pou kontwole ekonomi an ak pwoteje pèp kont biznis prive ki ta ka pran avantaj sou yo.
Kominis	Kominis se yon fòm gouvènman kote gouvènman an (nan non pèp la) kontwole ekonomi an tout antye. Peyi Kominis yo anjeneral dirije ak yon diktatè Kominis ki fò e pati politik Kominis la.
Monachi	Yon monachi se yon fòm gouvènman kote se yon sèl moun kap dirije pouvwa a; yon moun ki te fèt nan fanmi kap gouvène a. Monak yo ka renye pou lavi. Anpil monak yo gen konstitisyon yo dwe swiv.
Oligachi	Yon oligachi se yon fòm gouvènman kote yon ti gwoup moun rich ap gouvène. Nan fòm gouvènman sa a, se grandèg yo kap dirije.
Otokrasi	Yon otokrasi se yon fòm gouvènman kote yon lidè gen pouvwa san limit. Kèk egzanp sou otokrasi yo se diktati (tankou yon diktatè militè) ak monachi absoli (tankou yon wa oswa yon rèn ki gen tout pouvwa a ki pa gen okenn konstitisyon pou limite pouvwa yo).

diktatè - yon lidè militè ki vin antèt nan yon peyi, souvan ak fòs